

Etablisman "ba" pou Chyen ak Chat yo

Etablisman fèmen ki bay espas pou moun ak bèt domestik yo rankontre ansanm - souvan yo rele "ba" chyen oswa chat —louvri nan Vil New York (NYC), men non "ba" pote konfizyon! "Ba" pou chyen oswa chat pa ni prepare ni sèvi manje oswa bwason ki la pou moun konsome. Men kijan biznis sa yo fonksyone:

Espas fizik ak enstalasyon

Si gen yon biznis ki otorize bèt kay ki sou kote yon restoran oswa lòt etablisman restorasyon:

- Toude espas yo dwe separe nèt ak youn oswa plizyè klwazon ki sòti atè pou rive jis nan plafon yo.
- Chak espas dwe gen pwòp rantre pa li ki ba w sou lari epi yon adrès separe.
- Pa dwe gen okenn pòt oswa yon lòt mwayen pou deplase dirèk sòti nan biznis ki otorize bèt kay la pou ale nan restoran an oswa nan lòt etablisman restorasyon an san yo pa sòti deyò avan.

Manm Ekip lan

Manm Ekip biznis lan ki otorize bèt kay yo pa dwe gen okenn responsabite pwofesyonèl ki oblije yo rantre nan okenn etablisman ki bay manje.

Manje oswa bwason

Tout manje oswa bwason moun konsome nan biznis ki otorize bèt kay yo se kliyan an sèlman ki ka pote li. Manje oswa bwason moun konsome yo pa kapab ofri yo dirèk, vann yo oswa bay yo nan yon biznis ki otorize bèt kay.

Bèt ansanm ak restoran andedan ak deyò

Yo entèdi bèt vivan, sof bèt ki bay asistans, tout kote andedan ak pifò zòn ki deyò restoran yo ak lòt etablisman ki bay manje. Responsab restoran ak lòt etablisman ki bay manje yo ka otorize chyen ki pa yon bèt ki bay asistans nan zòn kote moun manje *deyò* a depi responsab yo konfòme yo ak règ Manje deyò ak chyenW epi mete pankat ki obligatwa a. Pou jwenn pano obligatwa ki nesèsè pou restoran ak lòt etablisman restorasyon yo, ale vizite nyc.gov/health epi chèche "**Rules for Outdoor Dining With Dogs**" (Règ pou Manje Deyò ansanm ak Chyen).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou manje ansanm ak chyen, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**Dining With Dogs in Restaurants**" (Manje Ak Chyen nan Restoran yo).

Ou gen Kesyon?

Anvan ou louvri yon biznis kote ou otorize bèt kay epi atann ou aske kliyan yo manje oswa bwè, rele Biwo Sekirite Alimantè nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante) nan 212-676-1600 pou rasire w etablisman w lan reponn ak deskripsyon pou yon restoran oswa lòt etablisman restorasyon, kote yo entèdi bèt.

Selon aktivite ou genyen an, ou kapab bezwen verifye **egzijans pou yon magazen bèt kay (pet shop) oswa lòt biznis ki gen rapò ak bèt yo** tou. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Biwo Sante Piblik Veterinè Depatman Sante a nan 646-364-1765, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/nycbusiness.